

Konje Maladi ki Soti nan Tan Travay Anons sou Dwa Anplwaye

Kiles ki Kalifye?

Tout anplwaye nan Massachusetts yo kapab pran konje maladi ki soti nan tan travay yo.

Sa vie di anplwaye tan konple, tan pasyel, tanpore, ak sezonnye.

Kouman pou ou rive genyen tan sa a?

- Anplwaye yo gen dwa pran 1 edtan konje maladi ki soti nan tan travay yo, pou chak 30 edtan yo travay.
- Anplwaye yo ka vin genyen, epi yo ka pran jiska 40 edtan chak ane.
- Anplwaye ki gen konje maladi ki soti nan tan travay yo, men ki pa pran tan konje maladi a le fen lane a rive, kapab transfere jiska 40 edtan.
- Anplwaye yo komanse genyen konje maladi ki soti nan tan travay yo depi premye jou yo travay la, epi yo ka komanse sevi avek tan konje maladi sa a apre 90 jou.

Eske yon konpayi kapab sevi avek yon lot prensip?

Wi. Yon konpayi kapab genyen pwop regleman li pou konje maladi, oswa pou peye anplwaye pou tan yo pa vin travay, depi anplwaye yo kapab pran menm kantite tan, pou menm rezon, epi avek menm pwoteksyon nan travay, ki nan Lwa sou Konje Mala di ki Soti nan Tan Travay la.

Pwoteksyon travay

- Yon anplwaye pa kapab disipline, sanksyone, oswa vanjans kont pou egzès dwa li anba lalwa.
- Pa egzant, anplwaye yo pa ka bay pwon disipline yo nan absans ki kouvri yo, yo pa ka retire edtan travay yon anplwaye pou rele, oswa revoke yon anplwaye pou reklame dwa pou konje maladi.

Eske yo pral touche pou li?

- Si yon konpayi genyen 11 anplwaye oubyen plis, konpayi a dwe peye anplwaye yo pou tan konje maladi yo pran an.
- Si yon konpayi genyen mwens pase 11 anplwaye, konpayi a kapab pa peye yon anplwaye pou tan konje maladi li pran.
- Tan yo peye yon anplwaye pou konje maladi li pran an dwe peye menm le, ak nan menm tarif, avek sale nomal li.

Kile anplwaye a ka sevi ak tan sa a?

- Yon anplwaye ka itilize tan malad lè anplwaye a oswa pitit anplwaye a, oswa moun li marye a, oswa paran anplwaye a malad oswa li gen yon randevou medikal. Li ka itilize pou adrese efè vyolans domestik sou anplwaye a oswa pitit yo. Yon anplwaye ka sevi ak tan malad apre pèt gwosès oswa echwe repwodiksyon asistans, adopsyon, oswa maternité
- Anplwaye yo dwe pran omwen 1 edtan konje maladi lè yo absan pou yon travay.
- Tan pou konje maladi a pa kapab sevi tankou yon eskiz pou moun rive anreta nan travay, san yon avetisman davans pou di rezon an.
- Anplwaye pa ka sevi avek tan pou konje maladi pou lot rezon, kidonk yon aksyon konsa kapab lakoz sanksyon disipline kont yon anplwaye.

Notifikasyon ak Verifikasyon

- Yon anplwaye dwe bay kote li travay la yon notifikasyon anvan li pran tan konje maladi, sof si li gen yon ka ijans.
- Konpayi yo kapab deside kijan anplwaye yo fè patwon an konnen yon absans.
- Anjeneral, yon anplwaye pa ka mande yon nòt doktè sof si anplwaye a absan pou plis pase 3 jou youn apre lòt oswa si li itilize tan malad pandan de dènye semèn travay yo.

ESKE OU GENVEN KESVON?

Rele Fair Labor Division [Depatman pou Jistis nan Travay]
nan nimewo 617-727-3465

Gade nan adres Entenet

www.mass.gov/ago/earnedsicktime



Commonwealth of Massachusetts
Office of the Attorney General
Haitian Creole, December 2024

Ministe Lajistis fi, respektè Lwa sou Konje Maladi ki Soti nan Tan Travay la, ansanm ak regleman yo.

Se yon aksyon ilegal, si yon moun pa respektè dispozisyon ki nan Lwa sou Konje Maladi ki Soti nan Tan Travay la. Si yon moun komet yon vyolasyon kont nenpot dispozisyon Lwa sou Konje Maladi ki Soti nan Tan Travay la, ki nan M.G.L. c. 149, § 148C, oswa kont regleman ki nan 940 CMR 33.00, moun lan ap sibi konsekans ki ekri nan paragraf (1). (2). (4), (6) ak (7) nan alineya (b) ki nan M.G.L. c. 149, § 27C ak nan § 150.

Rezon anons sa a, se pou bay enfòmasyon. Pou we tout dokiman ki ekri sou lwa ak sou regleman yo, gade nan adres www.mass.gov/ago/earnedsicktime.